



Pou Piblikasyon Imedya: 28/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KORIDÒ DRÒN 80 KM NEW YORK LA PRAL OGANIZE PREMYE TÈS REZO 5G NAN NASYON POU AVYON SAN PILÒT

**"MITRE Engenuity Open Generation 5G Consortium pral enstale rezo tès sistèm avyon san pilòt nan Syracuse pou rive nan koridò Rome ki jere pa NUAIR**

**Rezo 5G a baze sou envertisman prèske 70 milyon dola eta a, ki fèmman etabli pozisyon New York kòm yon lidè mondal nan sistèm avyonsan san pilòt yo**

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke MITRE Engenuity Open Generation 5G Consortium pral pote 5G nan koridò sistèm avyon san pilòt Eta New York ki mezire 80 km ant Syracuse ak Rome. Open Generation deja detèmine koridò sa a se yon premye kote pou lanse premye seri tès sistèm avyon 5G san pilòt nan peyi a, yon deziyasyon ki pral amelyore pozisyon New York kòm yon lidè mondal nan sektè teknoloj sa a k ap emèje a.

"Yo te chwazi koridò dròn nou an pou lansman premye seri tès sistèm avyon 5G san pilòt nan peyi a pou plis pozisyon eta nou an - espesyalman New York Santral ak rejyon Mohawk Valley - kòm lidè mondal sou mache a pou teknoloji dènye kri sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras ak envertisman kontinyèl nou an nan koridò dròn sa a, n ap ranfòse epi devlope ekonomi rejyonal nou yo pou jenerasyon k ap vini yo."

NUAIR, yon òganizasyon san bi likratif ki baze nan New York ki bay ekspètiz nan sistèm avyon san polòt epi ki se yon manm nan Open Generation, jere koridò sistèm avyon san pilòt 80 kilomèt New York la ak jwe yon wòl enpòtan nan avanse inovasyon 5G nan sistèm avyon san pilòt la, ke yo rekonèt tou kòm UAS. Avèk kowòdinasyon ki soti nan NUAIR, koridò a pral gen ladan yon sant eksperimentasyon ki gen plis pase 161 kilomèt kare ki dedye a tès 5G odela liy vizyèl ak sit trajektwa ak vòl long distans yo -yon kapasite ki enpòtan nan komèrsyalize sistèm avyon san pilòt ki san danje ak an sekirite yo.

Eta New York etabli tèt li kòm destinasyon prensipal nasyon an pou dròn ak biznis yo nan tèt inovasyon nan fè yon envertisman 30 milyon dola an 2016 pou devlope sistèm jesyon sikilasyon vòl a 80 km la ant Syracuse ak Ayewopò Entènasyonal Griffiss nan Rome. Otatal, eta a envesti prèske 70 milyon dola pandan senk dènye ane ki sot pase yo pou avanse endistri sistèm ayeryen san pilot la nan New York Santral ak Mohawk Valley.

New York k ap resevwa teknoloji 5G pou koridò dròn li an reprezante yon nouvo etap enpòtan pou devlopman kontinyèl sektè a nan eta a. Nan koridò sa a, gen envestisman estratejik k ap akselere kwasans endistri an nan soutni itilizasyon emèjan nan endistri a, sa gen ladan jesyon agrikilti ak forè, transpò ak lojistik, devlòpman laprès ak fim, sèvis piblik ak enfrastrikti, epi sekirite piblik.

"Sipòte teknoloji inovan ak endistri k ap emèje yo ki pral kreye travay demen yo nan nwayo misyon ESD a. Tou de ajans lan ak konsèy rejjonal devlopman ekonomik nou yo trè konsantre sou kwasans endistri UAS la nan New York Santral ak nan Mohawk Valley", **Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development (ESD) a, Kevin Younis te deklare**. "Seleksyon MITRE pou koridò dròn New York la pou resevwa teknoloji 5G ki se premye nan nasyon an reprezante yon nouvo etap enpòtan pou devlopman kontinyèl sektè a nan Eta New York."

"New York pral premye sit tès UAS ke FAA deziyen ak yon rezò 5G sou mezi", **Direktè Egzekitif Jeneral NUAIR Ia, Ken Stewart, te deklare**, "Endistri a ap chèche yon rezò komunikasyon ke FAA ak FCC apwouve ki gen kapasite ak fyabilite ki nesesè pou operasyon dròn komèsyal yo san danje. 5G kenbe pwomès li pou debloke operasyon dròn evolutif, ki ekonomikman dirab e nou gen konfyans ke travay nou an nan New York pral ede detèmine si 5G se yon solisyon apwopriye pou endistri UAS la.

"Seri tès UAS 5G sa a ki se premye nan nasyon an pral avanse solisyon komèsyal UAS ak montre potansyèl transfòmasyon 5G a", **deklarasyon Charles Clancy, Vis Prezidan Prensipal, Direktè Jeneral MITER Labs, ak Fitiwològ an Chèf**. Inisyativ sa a se yon pati vital nan travay MITRE pou akselere devlopman ak deplwaman teknoloji telekomunikasyon avanse nasyon nou an."

Tou de Rejyon New York Santral ak Mohawk Valley gen ekosistèm UAS k ap mennen nan mond lan ak teknoloji, resous, ak ankourajman ekonomik ki nesesè pou fè tès 5G a avanse. US Air Force (Fòs Zame Ayeryèn U.S.) la deja fè vole aktivman gwo avyon san pilòt soti nan Ayewopò Syracuse la depi 2015 epi vil la te deja kòmanse prepare pou 'katriyèm revolisyon an' dròn ak teknoloji 5G a, ranplase lanpadè yo ak lanpadè 'entelijan' ki kapab sipòte yon rezò komunikasyon 5G.

Rome se lakay Sit Sès sistèm Avyon San Pilòt Eta New York la, youn pami sèt sit tès sistèm avyon san pilòt ke FAA Deziyen nan Etazini. Pwopriyete Konte Oneida ak jere pa NUAIR, sit la gen etablisman tès sistèm avyon san pilòt ki trè ekipe nan Ayewopò Entènasyonal Griffiss nan Rome ak se yon pati nan New York koridò jesyon sikilasyon 80 km sistèm avyon san pilòt la ant lavil Romeak Syracuse.

Sit tès la se yon pati nan Griffiss Business and Technology Park ki an kwasans konstan ki mezire 1,426 kawo a, ki se lakay yon miltitig konpayi teknoloji avanse, k ap mennen nan mond lan nan sibè sekirite, enfòmatik kantik, fabrikasyon ak plis ankò. Sky Dome pral konplete sit tès la nan Griffiss, bay tès enteryè pandan tout ane a nan teknoloji dròn avanse, ki gen ladan kòmand volè ki baze sou entèlijans atifisyèl ak esen ti dròn otonòm.

Anpil nan endistri telekomunikasyon yo konsidere 5G rete evantay ideyal pou operasyon sistèm avyon sans pilòt yo epi yo ap chèche fè FAA a ak FCC apwouve li pou itilize ayeryèn nan espas aeryen ki anba 400 pye - espas aeryen tipik la ke yo itilize pou operasyon dròn komèsyal yo. Bluetooth ak Wi-Fi se lòt bann nan evantay san lisans yo itilize pou vole dròn, men yo pa fyab ase pou operasyon dròn long pòte epi ki san danje.

Tès 5G nan New York pral ede pwouve FAA ak FCC ke rezo selilè 5G a satisfè kondisyon sekirite aviyasyon ki akseptab yo, tankou sa ki ta nesesè pou yon komunikasyon branche oswa yon lyen radyo pwent a pwent.

The MITRE Engenuity Open Generation 5G Consortium nan rasanble lidè mache yo, konpayi demaraj inovan yo, asosyasyon endistri yo, akademik yo, ak lyen gouvènman yo pou rezoud defi 5G konplèks yo ke okenn konpayi ka rezoud pou kont li. Kolaborasyon rechèch ak devlopman 5G sa a ap mennen sistèm avyon san pilòt lan nan inovasyon 5G ak devlopman ki santre sou ka tilizasyon nan zòn tankou repons pou ijans, enspeksyon enfrastrikti, livrezon pake, ak jesyon byen, sa k ap kreye enpak teknolojik jenerasyonèl pandan y ap debloke valè ekonomik masif.

Patnè NUAIR Alliance ki gen ladan New York, Michigan, Massachusetts, DRONERESPONDERS, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) eta pral ede avanse reyalite yon rezo 5G koyeran pou operasyon sistèm avyon sans pilòt evolitif. Pwouve sekirite, fyabilite, ak kapasite teknoloji 5G nan espas sistèm avyon san pilòt la pral pwouve kapasite pou itilize 5G nan anpil lòt sektè prive ak piblik ki gen ladan ajans gouvènman yo tankou Depatman Defans Ameriken (U.S. Department of Defense) an.

**Senatè Rachel May te deklare**, "teknoloji 5G asosye ak dròn gen anpil itilizasyon komèsyal benefik ki posib. Teknoloji sa a gen potansyèl pou amelyore lajman deplwaman dròn pou siveyans enfrastrikti, enstalasyon teknoloji solè, livrezon machandiz pi rapid ak pi efikas, ak anpil lòt. Li eksitan pou nou wè envestisman kontinyèl nan reydon nou an ki soti nan inovatè yo."

**Senatè Joseph Griffó te deklare**, "Mwen kontan paske MITRE Engenuity Open Generation 5G Consortium pral enstale premye rezo tès Sistèm Avyon san Manm Ekipay la nan peyi a nan koridò dròn ki jere pa NUAIR la. Resous adisyonèl sa a pral ede grandi, amelyore ak devlope davantaj teknoloji ak rezo ak sistèm ki gen rapò ak UAS ak dròn, nan Mohawk Valley ak New York Santral."

**Senatè John W. Mannion, te deklare**, "New York kontinye grandi pozisyon lidèchip li nan rechèch ak devlopman UAS atravè patenarya ak konpayi pwochèn jenerasyon yo tankou MITRE Engenuity. Avèk reydon nou an k ap òganize premye seri tès 5G UAS la nan nasyon an, Nouyòkè Santral yo kounye a ap devlope, bati, teste, ak pote sou mache a teknoloji dirijan pandan y ap fè konpetisyon - ak genyen - nan yon endistri mondal. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul, MITRE, ak ESD pou patenarya ak sipò nou pou pati nò New York la."

**Manm Asanble ak Prezidan Komite Transpò, William Magnarelli, te deklare**, "Koridò dròn Eta New York etabli tèt li kòm yon lidè mondal nan mache teknoloji dènye kri sa a. Envestisman kontinyèl nan zòn sa a, ki gen ladan pote 5G nan koridò a, pral ogmante opòtinite pou avansman biznis sa yo nan New York Santral al Mohawk Valley, pou biznis koridò dròn yo ka kenbe pozisyon yo nan tèt inovasyon an nan endistri sa a."

**Manm Asanble Pamela Hunter te deklare**, "Envestisman kontinyèl New York nan enfrastrikti ki sipòte endistri UAS la pral asire ke CNY pral dirije nan domèn sa a pou anpil ane k ap vini. Lè nou teste teknoloji UAS nan rezo 5G yo, nou ap prepare ak kreye avni endistri sa a. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li fasilité pwojè enpòtan sa a e mwen espere wè rejyon nou an vin yon pi gwo sant inovasyon menm."

**Manm Asanble, Marianne Buttenschon te deklare**, "Sistèm avyon san manm ekipaj ki fyab enpòtan pou asire ke yo ka itilize devlopman dènye kri nan domèn sa a pou sipòte biznis yo nan Mohawk Valley ak toupatou nan eta a. Rechèch 5G, ki pral pèmèt nou opere dròn san danje nan chemen vòl ki long lan ak pdela li vizyèl la, yo pral avanse endistri dròn lan pou franchi yon pa jeyan ak elaji seri aplikasyon pratik yo. Mwen pral kontinye travay avèk lidè eta yo, otorite lokal yo, ak patnè kominotè yo pou sipòte endistri UAS k ap fleri nan Mohawk Valley a."

**Chèf Egzekitif Konte Onondaga a Ryan McMahon te deklare**, "New York Santral kontinye rete yon lidè mondal nan sistèm avyon san pilòt la ak inovasyon teknoloji avanse. Teknoloji 5G a kenbe pwomès nan pèmèt reyalite nan operasyon dròn avanse yo tankou livrezon pake ak medikal epi mwen eksite paske New York Santral ap trase chemen an."

**Kad Egzekitif Konte Oneida, Anthony J. Picente Jr., te deklare**, "Mwen kontan paske yo te chwazi sit tès UAS Konte Oneida a kòm premye seri tès 5 UAS nan peyi a e mwen pa ka tann enpak pozitif pwojè sa a pral genyen sou komunikasyon UAS la. Sit tès nou yo nan Ayewopò Entènasional Griffiss kontinye rete nan tèt rechèch endistri a, devlopman ak inovasyon epi anons jodi a elve estati koridò 80 km nou an Syracuse nan yon novo ki pi wo menm. Mwen remèsyé MITRE Engenuity Open Generation Consortium paske li rekonèt potansyèl nou ak patnè nou yo nan NUAIR pou sipò kontinyèl yo ak lidèchip."

**Majistra Syracuse la, Ben Walsh te deklare**, "Anplis de sa 5G nan koridò UAS la ajoute sou sa lidèchip Syracuse a nan teknoloji san fil iltrarapid. Aplikasyon yon rezo san fil 5G nan vil Syracuse deja byen sou pye ak plis pase 175 sit 5G ki enstale. Sou bò sid vil la, konstriksyon yo ap avanse epi anbochaj yo pral kòmanse byento nan yon izin fabrikasyon teknoloji pou ekipman 5G. Genyen sèvis san fil ki pi rapid ki disponib pou rezidan vil yo ak biznis yo se yon pati enpòtan nan Syracuse Surge (Monte Syracuse) ki se estrateji nou an pou kwasans enklizif nan Nouvo Ekonomi an. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul, Empire Statement Development ak MITRE Engenuity Open Generation 5G Consortium pou sipò ak envestisman nan kreye premye seri tès UAS 5G nasyon ant Syracuse ak Rome."

**Majistra Rome Ian Jacqueline M. Izzo, te deklare**, "Seleksyon sit tès UAS Griffiss la pou etabli kapasite 5G sou koridò dròn 80 km la se poutan yon lòt egzanp angajman finansye ke Eta New York ak gouvènman lokal yo te pran pou avanse teknoloji sa a ki peyan. NUAIR ak patnè li yo te pwouve a plizyè repriz ke yo kapab mennen rechèch ak devlopman UAS nan gwo echèl nan tout koridò a, ki ap fè yon diferans nan avansman UAS nan tout Etazini epi ogmantasyon 5G a pral elaji kapasite R&D sa yo non sèlman nan sit tès Griffiss la, men nan tout koridò dròn 80 km Syracuse la."

## Konsènan MITRE Engenuity

Kòm fondasyon teknoloji MITRE pou byen publik, MITRE Engenuity kolabore ak sektè prive a sou tout defi nasyon yo pou founi solisyon enterè publik ki konsantre sou rezistans enfrastrikti ak estabilite ekonomik atravè envestisman ak egzekisyon teknoloji apwofondi a gran echèl ki gen ladan, sibè sekirite ki enfòme menas, sante dijital, mikwoelektronik sekirize, deteksyon kantik, ak ka itilize inovasyon ka komunikasyon pwochèn jenerasyon. [www.mitre-ingenuity.org](http://www.mitre-ingenuity.org)

## Enfòmasyon sou NUAIR

Northeast UAS Airspace Integration Research Alliance, Inc., oswa NUAIR, se yon òganizasyon san bi likratif ki baze nan New York ki bay ekspètiz nan operasyon sistèm avyon san pilòt, rechèch ayewonotik, jesyon sekirite ak sèvis konsiltasyon. NUAIR responsab pou avansman kontinyèl koridò 80 km UAS New York la ak Teren Esèy Mobilite Ayeryèn Avanse, k ap fasiliste tès pdela vizyèl liy vizyèl la ak operasyon dròn komèsyal yo. Katye jeneral li nan Syracuse, NUAIR jere operasyon nan Sit Tès Sistèm Avyon San Pilòt New York ki dezinye pa FAA nan Ayewopò Entènasyonal Griffiss nan Rome, NY, ki responsab devan FAA ak NASA pou fè operasyon pou sistèm avyon san pilòt ak tès mobilite ayeryèn avanse. Vizite [www.nuair.org](http://www.nuair.org) pou w jwenn plis enfòmasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)